

Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Klas Premyè Ane



Adisyon ak Soustraksyon soti/rive nan 20 ak Ekwasyon


Chè Fanmi,

Nou ap kòmanse yon nouvo inite etid nan matematik ki rele *Adisyon ak Soustraksyon soti/rive nan 20 ak Ekwasyon*. Inite etid sa a konsantre sou konpoze nonb avèk de oswa twa adann, entèprete istwa pwoblèm sou adisyon ak soustraksyon, chèche chif ki manke nan yon ekwasyon, epi bay lè an èdtan. Elèv yo dwe an mezi pou montre epi eksplike travay yo. Objektif enstriktif espesifik ke elèv ou pral travay sou yo figure nan lis anba a avèk ekzanp sou travay elèv ki montre konpreyansyon sou chak objektif enstriktif.



Objektif Enstriktif: Montre epi efektivman rezoud pwoblèm sou adisyon avèk yon total ki rive nan 20, ki enkli pwoblèm avèk pati enkonni.	
Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Rosa te genyen kèk kokiayaj. Max te bay li 3 kokiayaj. Koulye a Rosa genyen 11 kokiayaj. Avèk konbyen kokiayaj Rosa te kòmanse?</p>	<p>trase Figi</p> <p>Utilize yon Liy Chif</p>
Objektif Enstriktif: Montre epi rezoud pwoblèm sou soustraksyon rive nan yon total 20, enkli pwoblèm avèk pati enkonni.	
Ekzap Pwoblèm	Ekzap sou Solisyon Elèv
<p>Tina te genyen 11 etikèt. Li te bay frè li kèk etikèt. Koulye a Tina genyen 7 etikèt. Konyen etikèt li te bay frè l?</p>	<p>trase Figi</p> <p>itilize von Liv Chif</p>
Objektif Enstriktif: Chèche chif ki manke a nan ekwasyon adisyon oswa soustraksyon.	
Ekzap Pwoblèm	Ekzap sou Solisyon Elèv
<p>Ki chif ki ap fè ekwasyon sa vrè?</p> <p>$12 = ? + 5$</p>	<p>$12 = 7 + 5$</p>

--	--

Objektif Enstriktif: Separe nonb rive jiska 20 nan pliske yon fason.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solison Elèv
<p>Genyen 20 elèv nan yon klas. Kèk se ti fiy e kèk se ti gason. Konbyen nan chak nan yo ki kapab la?</p>	<div style="display: flex; justify-content: space-between;"> <div style="width: 45%;"> <p style="text-align: center;">$10 + 10 = 20$</p> <div style="border: 1px solid black; padding: 2px; text-align: center;">10 boys and 10 girls</div> <hr style="border: 1px solid black;"/> <p style="text-align: center;">15 boys</p> <div style="display: flex; justify-content: space-around; font-size: small;"> GGGGG </div> <div style="display: flex; justify-content: space-around; font-size: x-small;"> 1617181920 </div> <div style="border: 1px solid black; padding: 2px; text-align: center;">15 boys and 5 girls</div> </div> <div style="width: 45%;"> <p style="text-align: center;">17 boys</p> <div style="display: flex; justify-content: space-around; font-size: x-small;"> GGG </div> <div style="display: flex; justify-content: space-around; font-size: x-small;"> 181920 </div> <div style="border: 1px solid black; padding: 2px; text-align: center;">17 boys and 3 girls</div> </div> </div> <div style="margin-top: 20px;">  </div>

Objektif Enstriktif: Bay e ekri lè an èdtan.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Ki lè l fè la?</p> 	<p style="text-align: center; font-size: 1.5em;"><i>Li fè 3:00.</i></p> <div style="margin-top: 20px;">  </div>

Panse Matematik ak Pratik sou Objektif Enstriktif: Montre panse w, itilize figi, chif, ak mo.



Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte elèv ou nan inite etid sa a:

- **Konbyen Bagay M ap Kache?**
 Mete jiska 20 ti objè (agraf, monnen, elatriye) nan men ou. Mande elèv ou pou konte nonb objè ki nan men w. Kache kèk nan objè yo nan lòt men ou epi montre elèv ou sa ki rete a. Mande elèv ou pou detèmine konbyen objè ou ap kache.
- **Bay lè**
 Fè elèv ou fè pratik sou bay lè nan èdtan. Mande elèv ou ki lè ou manje dine. (ekzanp: 6:00) Fè elèv ou ekri lè nan fòm nimerik e montre li lè nan yon revèy analòg.
- **Eksplike Panse**
 Ankouraje elèv ou eksplike panse matematik li avèk ou. Li enpòtan pou ke elèv ou rezoud pwoblèm kòrèkteman epi nan fason ki fè sans pou yo.
- **Matematik ak Literati**
 Men kèk liv timoun avèk ide ki genyen rapò avèk travay nou nan inite etid matematik sa a. Chèche yo nan bibliyotèk piblik lokal ou epi li yo ansanm avèk elèv ou.

 - Fish Eyes by Lois Ehlert
 - 12 Ways to Get to 11 by Eve Merriam
 - Math for All Seasons by Greg Tang

